



Kuningirisa Maponere eVanthu veMumakanyi Kwakaitwa ngeKomiti yeZimbabwe Inoningira ngeZvevanokone Kupinde Munjodzi (ZimVAC) Mugore ra2023




Zvakaningirana neKuchicha Maponere eVanthu muChirongwa cheKudetsereka pane Zvekurya zvine Utano muMakanyi

Komiti Inoningirisa ngezveNjodzi (ZimVAC) inoramba yeiningira maponere evanthu pagore pega pega kudzadzisa chitenderano chechitanthatu (6) cheMurawu wekukone kungwarire zvekurya zvinoake mwiri. Chinangwa chikuru cheZvakabuda Mukuningira maponere evanthu muMakanyi muna 2023 ngeekupa zvakabuda kuvanthu vemumakanyi veide kupa maonere nemahambisirwe evanofunga kuti akanaka kune vezvemirawu kuti vakone kudetsera zvakanaka. Hurumende iri kukurudzirwe kuise mirawu inodetsera inoenderana nekuite kuti zvishandike kuti paoneke musiyano mumaponere evanthu mumakanyi.


1. Kutamika kweZvinorimwa zvine Tsangu

Teiningira zvegore ra2020, Kutamika kweZvinorimwa zvine tsangu kwakadzakira. Kudzakira uku kunode kuoneka nekuzoti Hurumende ikurudzirwe kuramba yakazvipira mukuone zvakaningirirwa ngenyika muNDS1, nyanyei munda yekuti paite kurya kwakawanda munyika.



Mahambire eKutamika kweZvinorimwa zvine Tsangu: 2020 – 2023

Takaningira gore ra2022, kutamika kwezvinorimwa zvine tsangu kwakadzakira mumaTunthu eshe kusiya ngeMashonaland Central.




Kutamika kweZvinorimwa zvine Tsangu

Munguwa yenzara yakati nyanyi (Ndira kuguma muna Kurume 2024), 26% yevanthu vemumakanyi vanonga vasina chekurya. Izvi zvinoitika kvanthu 2,715,717. Zvinorimwa zvine tsangu zvinoguma 100,482 MT ndizvo zvinodiwa kukone kugutsa vanonga vasina chekurya munguwa yenzara yakadai.


2. Zvakabuda Mukurima

Mizi inokone kuguma 82% yakasima magwere, 41% yakasima manduwi ne27% yakasima zvinokurire mumavhu.



Mizi Yakasime Zvirimwa

a) **Kushandise Pfumvudzi:** Mizi inokone kuguma 47% vakashandise Pfumvudza.




Kushandise Pfumvudza

- b) **Kufundiswa Zvekurima:** Mizi inoguma 94% yakakone kufunda zvekurima , ikamirukira kubva pa59% muna 2022.
- c) **Kudetserwa ngeMadhumeni:** Mizi inoguma 81% yakakone kuvhakachirwa ngeMadhumeni, yakamirukira kubva pa55% muna 2022.
- d) **Kungwarira Zvifuyo neKupe Mitengo**



3. Mare Inouya Mumizi

Teiningira gore ra2020 pakatanga kuitwa bhizinesi, mare inouya mumizi iri kumirukira.



Mahambire eMari Inouya: 2020-2023


Pane kumirukira pamare yakauya kubva paUSD\$ 57 mugore ra2022 kuguma paUSD\$ 116 mugore ra2023. Hurumende iri kukurudzirwe kuramba yeiedza kudzikamisa zveufumi zviru kukhombese kumirukira.

Dunthu	Vashandi vasina zvitupa (%)	Kurima zvirimwa zvezvekurya (%)	Mubhadharo/zvipo zvinobve muZimbabwe (%)	Muripo wepamwedzi wevashandi (%)	Kurima zvirimwa zvekutengesa (%)	Mubhadharo/zvipo zvinobva kubanze kweZimbabwe (%)	Kungwarira zvipfuyo/kutengesa (%)	Kurima muriwo/michero (%)
Manicaland	48.5	21.3	18.4	15.5	10.9	5.4	7.9	10.6
Mash Central	39.2	33.7	11.4	9.9	28.1	1.2	8.7	7.9
Mash East	39.1	38.6	22.7	15.8	8.7	5.9	8.1	10.5
Mash West	34.4	31.1	11.7	16.0	17.9	2.9	4.9	4.9
Mat North	40.6	21.1	17.0	9.5	1.7	19.2	15.0	3.8
Mat South	32.4	22.3	17.6	13.9	1.4	29.0	10.6	4.5
Midlands	40.7	20.1	18.4	8.7	9.3	9.6	10.1	9.6
Masvingo	41.8	30.1	25.9	13.6	7.9	13.6	11.0	8.7
Nyika yeshe	39.6	27.6	17.9	12.8	10.9	10.5	9.5	7.7

Kunobve Mare

4. Kudetserwa kweVanthu veMuntharaunda

Hurumende neamweni mapato vanosisirwe kuramba veikurudzira vangangowirwa ngenjodzi.Chirongwa cheHurumende chekudetsera vanthu vemuntharaunda chakamirukira kubva pa61% kuguma pa66% muna 2023, chechikhombesa kumirukira mukudetsera vangawirwa ngenjodzi muntharaunda. Mapato eUN/NGO akagwinyisa ngekupawo kuvanhu vemuntharaunda (12%).



Vanovadetsera

Zvikuru zvakadetserwa mizi ngeHurumende ngezvinoshandiswa pakurima (54.6%) nezvekurya (29.2%) nezvimweni zvakabve kumapato eUN/NGO zvakadai ngezvekurya (9%) nezvinoshandiswa pakurima (1.6%).


5. Kuoneswe Zvivakwa Zvakakosha

Hurumende iri kuramba yeione kuti mizi yeshe inoone zviro zvakakosha zvakadai ngechikora nezveutano.

- Mumango Unohambwa Kuguma paChikora chePhuraimari chiri Padhuze:** 73% yemizi dzakakhetwa vari 5km kubva pachikora chephuraimari.
- Mumango unoHambwa Kuguma Panooneke Zveutano:** 53% yemizi inohamba pasikadariki kana panoguma 5km kuguma panooneke zveutano.
- Kuoneswe Masoko neKudetserwa ngeZveutano:** Mizi inodarika 60% vanoone masoko ezveutano, masoko ezvekurya nekudetserwa ngezveutano kana Utsanana.

6. Mvura, Utsanana neKushambidzika.


Mizi yakakhetwa yakawanda yacho (83%) inoone mvura 1 km kubva pamuzi.



Mumango Wakahambwa Kuguma Panooneke Mvura.

Utsanana: Mizi inogume 61% yainga neutsanana hwakanaka.

7. Maemere eZvekurya Zvinoake Mwiri yeVana




Kusaikura Kwevana

Kuwanda kwevana vasikakuri kwakaramba kwakakwira (56%) mumaonere eWorld Health Organisation.

8. Zvinopuwa Kudetseredza Kupe Vitamin A


Kuwanda kwevana vakadetsereka ngemutombo wakakwana weVitamin A mumwedzi 12 i84% ne64% kune vane mwedzi 6-11 ne12-59 zvakanodaro.



Zvinopuwa Kudetseredza kupe Vitamin A Kuvana vane Mwedzi 6-59

Matabeleland North yega (90%) yakaite zvainingirirwa ngeWHO zvekupe Vitamin A kuvana vanoguma 90% vane mwedzi 6-11.

9. Zvinokosheswa paKumirudzirwa kweNtharaunda



Zvinokosheswa pakumirudzirwa kweNtharaunda

Ntharaunda dzakawanda dzinokoshese kuakwa kwemadhamu/panongwaririke mvura 34.3% nekuone mishando/ kupe mishando 34,3% nekunasire mapato (30,8%).

10. Hurumende neamweni mapato ari kukurudzirwe kuramba eipa zvingaitwa mune zvinoteera:

- a) **Kuonese Zviakwa Zvakakosha:** Nyangwe mizi yakawanda yaioneka mundau ingaite 5km kubve pachikora chephuraimari, mizi inohamba mumango ungaguma 10km inofanire kukarakadzwa. Mukarakadzo unofanire kuiswazve kumizi (13%) inohamba mumango unodarika 10km kuguma panooneke zveutano.

- b) **Mvura, Utsanana nekuShambidzika:** Mukarakadzo unofanire kuiswa kumizi (17%) inohamba kudarika 1km kuti vaone mvura, 5% vanomwe mvura isikazi kuchena ne29% vasina zvimbu.
- c) **Kurime Zvirimwa:** Techiningire kuti 63% yemizi aina mwombe ne56% isina mbudzi, Hurumende yeZimbabwe yakaemererwa ngeBazi reMinda, Kurima zvirimwa, Kurime howe, Mvura neKubudirira kweNtharaunda vanofanire kuramba veidetsera vanthu kuti vabudirire ngekungwarire zvifuyo kuitire kuti vakawanda vangwarire zvifuyo nekupuwa simba ngekungwarire zvifuyo.
- d) **Kututsirwa kweVitamin A:** Pari kudiwe kumirudzira matunthu eshe akasara kuti aite 90% inoningirirwa ngeWHO.
- e) **Ndaa dzeKubudirira:** Panode kuti Hurumende idetsere ngemare yekumirudzira maonerwe emvura nemapato.

FNC inowaiwa pa SIRDC: 1574 Alpes Road, Hatcliffe, Harare

Tel: +263-242-862586/ +263-242-862025. Dandemutande: www.fnc.org.zw.

Tsambambozha: info@fnc.org.zw. Twita: @FNCZimbabwe. Inisitagiramu: [fnc_zim](https://www.fnc.org.zw).

Fesibhuku: @FNCZimbabwe. Watsiapu: +263 0776 990 479

